



# Pwojè pou Amelyorasyon Estasyon Forest Hills

## SA K AP PASE ?

Depi li te louvri an 1987, Estasyon Forest Hills la ap sèvi tankou yon gwo sant transpò pou pèmèt pasaje yo jwenn aksè anndan, atravè, ak deyò Vil Boston an, paske li fè konneksyon avèk Orange Line (Liy Oran), Needham Line Commuter Rail (Tren Pasaje nan Liy Needham), ak 17 wout otobis. Wout otobis yo rive epi yo travèse katye Boston ki rele Back Bay, Roxbury, Jamaica Plain, South Boston, Dorchester, Mattapan, Hyde Park, ak Readville yo. Yo rive tou nan deyò Boston, jiska Brookline, Dedham, ak Walpole.

## POU KISA AMELYORASYON YO NESESÈ ?

Estasyon Forest Hills la bezwen modènize daprè estanda Aksesiblite / ADA yo. Estasyon an bezwen reparasyon ki nesesè tou pou pwolonje dire egzistans enstalasyon an. Men eleman ki nan pwojè a :

- Asansè ki pral modènize oubyen ranplase
- Sal twalet ki pral pèmèt tout moun antre ladan
- Reparasyon nan sifas kote moun mache yo
- Reparasyon oswa ranplasman pòt ak plafon
- Amelyorasyon nan limyè yo
- Amelyorasyon nan mwayen pou jwenn wout

An 2019, Estasyon Forest Hills la wè plis pase 12 500 antre pou chak jou travay lasemann. Apre 34 an, estasyon an kòmanse montre laj li, kidonk li bezwen reparasyon ak modènizasyon pou amelyore kondisyon yo pou moun k ap pase nan estasyon an. Pwojè amelyorasyon sa a pral konsantre sou mwayen pou fè estasyon an satisfè dènye kòd ak estanda aksesiblite yo, ak reparasyon pou enstalasyon an kontinye bay sekirite ak bon rannman pou kliyan k ap sèvi avèk li.

## KI KONSEKANS SA PRAL GENYEN POU MWEN ?

### Avantaj pou Pasaje yo

- Amelyorasyon nan aksesiblite nan tout estasyon an
- Amelyorasyon esperyans, konfò, ak sekirite pou pasaje
- Pi bon navigasyon ak mwayen pou pasaje jwenn wout

### Pasaje, vwayajè, ak katye yo

Pwojè sa a ka lakòz kèk ti deranjman, men nou pa kwè pral gen gwo reta nan sèvis pasaje yo nan Forest Hills. An menm tan pwogrè pral fèt nan plan yo, nou pral kenbe kontak avèk pasaje, vwayajè, ak responsab lokal yo pou pataje enfòmasyon sou detay nan konsekans travay konstriksyon yo.

## KOUMAN MWEN KA JWENN PLIS ENFÒMASYON ?

Ou mèt ale nan adrès entènèt ki ekri pi ba la a, oswa eskannen QR Code la pou plis detay sou pwojè a, ak enfòmasyon sou reyinyon ki pral fèt, ak pou siyen pou resevwa dènye nouvèl yo regilyèman nan imel.



Adrès entènèt Pwojè a : [MBTA.com/ForestHillsImprovements](http://MBTA.com/ForestHillsImprovements)

Adrès pou voye imel nan Pwojè a : [foresthills@mbta.com](mailto:foresthills@mbta.com)

Building a better T.

